Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 32 (9943) 18 август 2023 с. / Рузман 2 сафар 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравление

## Уважаемые жители Казбековского района!




Сердечно поздравляем вас с Днём Государственного флага Российской Федерации. Российский флаг наравне с гербом и гимном является символом нашей Государственности. Во все времена он олицетворял собой могущество и величие нашего Отечества. Очень важно, чтобы государственная символика и сегодня была уважаема всеми-от мала до велика, пробуждала чувство гордости за свою страну. Легендарный триколор окружён многовековой славой, он венчал великие Победы, научные открытия, культурные достижения и самые важные события в жизни страны. Он утверждает преемственность поколений, укрепляет патриотический дух, объединяет представителей разных народов и национальностей.

Желаю вам, дорогие земляки, крепкого здоровья, мира, счастья и благополучия. Пусть этот день придаст всем сил и уверенности в достижении поставленных целей во благо нашей державы! И пусть флаг России развевается над мирной, счастливой и сильной страной!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

## Курской битве 80 лет

**В июле-августе 1943 года войска Центрального, Воронежского и Степного фронтов генералов Рокоссовского, Ватутина и Конева нанесли поражение армиям Моделя, Кемпфа и Гота в Курской битве, окончательно переломив ход войны**

**Курская битва 1943 года шла с 5 июля по 23 августа. В ней участвовали около 4 млн человек с обеих сторон, более 10 тыс. танков и 11 тыс. самолетов, шла она на территории Курской, Орловской, Белгородской, Харьковской областей и завершилась крахом немецкой группировки.**



Курская битва (битва на Курской дуге), продолжавшаяся с 5 июля по 23 августа 1943 года, стала одним из ключевых сражений Великой Отечественной войны. Она также была одним из самых крупных столкновений вооруженных сил СССР и Германии.

Перелом в ходе Великой Отечественной войны, заложенный победой в Сталинграде, окончательно оформился после Курской битвы. По ее итогам стратегических наступательных операций гитлеровская Германия на Восточном фронте не проводила. Она перешла к обороне и контратакующим действиям. И никогда уже не имела паритета с советскими войсками или превосходства над ними-ни в живой силе, ни в военной технике.

Курская битва стала первым сражением Великой Отечественной, к началу которой у СССР было превосходство над Германией по танкам (в 1.5 раза), самолетам (в 1.4 раза), артиллерии (в 2 раза) и личному составу (боле чем в 1.5 раза). Главный союзник Гитлера в Европе-Италия-после Курской битвы вышла из войны на стороне Германии.

23 августа 2023 года в Курске пройдет торжественный парад с участием войск Курского территориального гарнизона, запланирован «Бессмертный полк Курской битвы» и марш-парад духовых оркестров «Мелодии Победы».

Центральным событием должно стать открытие монумента мемориального комплекса «Курская битва» в Понырях, к праздничной дате в регионе будут благоустроены мемориальные места, в том числе восстановят ряд воинских захоронений, к концу этого года завершат реконструкцию парка «Патриот».

В честь участников Курской битвы в регионе высажен «Сад памяти», весной 2024 года планируется посадка леса в виде еще одного геоглифа.

# Постановление

09.08. 2023 г. № 103

с. Дылым

**О введении особого противопожарного режима на территории Казбековского района**

В соответствии с Федеральными законами от 21.12.1994 г. № 69- ФЗ "О пожарной безопасности", от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ "Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации", постановления Правительства Республики Дагестан от 27 апреля 2023 г. №152 Об установлении особого противопожарного режима на территории Республики Дагестан, в целях предупреждения пожаров на территории Казбековского района администрация МР,

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Ввести с 9 августа 2023 года на территории Казбековского района особый противопожарный режим, до особого распоряжения.

2. Запретить сжигание мусора, отходов, разведение костров на всей территории Казбековского района.

3. Руководителям предприятий и организаций всех форм собственности, осуществляющих свою деятельность на территории Казбековского района, разработать и реализовать комплекс мероприятий по выполнению норм и требований в области пожарной безопасности .

4. К проведению мероприятий по предупреждению возможных чрезвычайных ситуаций привлечь силы и средства постоянной готовности в составе:

- ПЧ-42,ОМВД России по Казбековскому району, ГБУ РД "Казбековская ЦРБ", ЭГС Казбековский, Дылымский СУ, ГКУ РД "Казбековское лесничество", ОАО Казбековское ДЭП №15.

Рекомендовать руководителям сил и средств постоянной готовности:

- принять дополнительные меры к обеспечению бесперебойного функционирования систем жизнеобеспечения и объектов социальной сферы на территории района;

- быть в готовности для ликвидации последствий чрезвычайных ситуаций.

5. МКУ "ЕДДС " Казбековского района (Азизов Р.А.):

5.1. Совместно с ПЧ-42 (Абубакаров К.Р.) проводить ежедневный анализ складывающейся пожарной обстановки, обеспечить своевременное реагирование на возникновение пожаров, координацию действий по их недопущению и ликвидации на территории Казбековского района.

6. Главам МО поселений организовать разъяснительную работу с населением по вопросам противопожарной профилактики в особый противопожарный период, готовности к действиям при возникновении чрезвычайных ситуаций:

- разработать соответствующие нормативные правовые акты и обеспечить их неукоснительное выполнение на подведомственной территории;

- категорически запретить сжигание мусора, сухой травы, стерни, соломы и пожнивных остатков, разведение костров на землях лесного фонда, землях сельскохозяйственного назначения, землях населенных пунктов, землях частного сектора;

- обеспечить подъезды к пожарным водоемам пожарной техники для забора воды;

- обеспечить своевременное информирование населения о складывающейся пожарной обстановке.

7. Рекомендовать отделу надзорной деятельности и профилактической работы №10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам ГУ МЧС России по Республике Дагестан (Джакавов Р.С.) усилить государственный пожарный надзор за соблюдением требований пожарной безопасности:

7.1. Организовать проверки выполнения Правил пожарной безопасности на предприятиях, организациях, учреждениях Казбековского района.

8. Рекомендовать ОМВД России по Казбековскому району (Хайрулаев Ю.Ю.):

8.1. Организовать патрулирование на лесных дорогах с целью ограничения доступа граждан в леса, предупреждения возникновения пожаров и принятия мер к нарушителям.

8.2. Ограничить допуск граждан на территории проведения мероприятий по ликвидации чрезвычайной ситуации (в случае её возникновения).

8.3. Организовать общественный порядок в зоне чрезвычайной ситуации (в случае её возникновения).

9. Рекомендовать директору ГКУ РД "Казбековское лесничество" (Гусейнов И.К..) в целях обеспечения пожарной безопасности:

- своевременно информировать администрацию МР "Казбековский район" через "ЕДДС "Казбековского района (тел. 8918-846-76-75), ПЧ-42 (тел. 101) о возникновении и распространении лесных и ландшафтных пожаров,на основании части 5 статьи 11 Лесного кодекса Российской Федерации ограничить пребывание граждан в лесах, принять в установленном порядке нормативный правовой акт об ограничении въезда в них транспортных средств, проведении в лесах определенных видов работ, в рамках осуществления федерального государственного пожарного надзора в лесах усилить контроль за соблюдением юридическими лицами, индивидуальными предпринимателями и гражданами требований пожарной безопасности в лесах, усилить противопожарную пропаганду и агитацию в средствах массовой информации по вопросам охраны лесов от пожаров, привести в готовность личный состав и технику в соответствии с Планом тушения лесных пожаров на территории ГКУ РД "Казбековское лесничество" на период действия особого противопожарного режима 2023 года, принять меры по обеспечению дополнительного патрулирования прилегающих к населенным пунктам участков леса, при необходимости обеспечить круглосуточное оперативное дежурство.

10. Опубликовать настоящее постановление в районной газете "Чапар" и разместить на официальном сайте администрации МР "Казбековский район" в сети Интернет.

11. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации района Б.С. Нуцалова.

***И.о. главы МР «Казбековский район» И.И. Шабазов***

Гъаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 Цадахъаб данделъиялда

гъум. 3 Халкъалъе кьураб гIумру

гъум. 4 Прокуратура требует

# Цадахъаб данделъиялда

Дагъал церегӀан къояз районалъул администрациялъул бетӀер ХӀажимурад Мусаевасул жамгӀияб хӀинкъигьечӀолъи чӀезабиялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцаловасул нухмалъиялда тӀобитӀана районалъул ЖамгӀияб палатаялъул ва харабазул Советалъул данделъи. Гьеб Ричча-рихъан тун руго росабалъ капурго хвараб гӀи-боцӀи рехулел бакӀал (скотомогильникал). ЛъикӀаб букӀинаан тӀадехун рехсарал суалазда тӀасан Калининаул росдал администрациялъул лъикӀаб хӀалбихьи цогидал росабалъги тӀибитӀизабуни.



тадбиралда гӀахьаллъана росабазул бутӀрул, учреждениябигун организациябазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял хӀалтӀухъаби.

Гьеб тадбиралъул халгьабиялде босун букӀана тӀабигӀат цӀуниялъул, росабалъ рацӀцӀа-ракъалъи чӀезабиялъул суалал.

Данделъи байбихьилалда цебе, гьениб росабалъ рищни-къул балеб бакӀазда сверухъ бугеб ахӀвал-хӀалалъул хӀакъалъулъ видеоролик бихьизабуна.

Гьеб тадбир рагьулаго, жиндирго кӀалъаялда районалъул харабазул Советалъул председатель Сайрудин НургӀалиевас бицана: *«Ахириял соназ районалъул бетӀер ХӀажимурад Мусаевасул хӀаракаталда гӀемераб хӀалтӀи гьабуна экологияб рахъ лъикӀлъизабиялда, росабалъ гӀадамазе хӀухьбахъиялъе шартӀал чӀезариялда тӀад. «Шагьаралъул санагӀатал шартӀал чӀезари», «Росаби комплексияб къагӀидаялъ церетӀезари», «БацӀцӀадаб лъим» Федералиял программабазда Дилим, Калининаул, ИчкӀа ва цогидалги росабалъ гӀадамазе хӀухьбахъиялъе шартӀал гӀуцӀулел, школал, лъималазул ахал ралел руго.*

*Байбихьана анлъго росулъе Ишахисан унеб цӀияб лъим бачине. Цо къадаралъул хӀалтӀи гьабуна росабалъ рищни -къул балел бакӀал кколел тӀалабазде рачинариялъе. Хасго лъикӀ гьеб хӀалтӀи гӀуцӀун буго Калининаул росулъ. ГӀадамлъун лъугьун руго районалда ихдалил субботникал тӀоритӀи. Нилъ киналго нугӀзаллъун руго апрель моцӀалда МухӀаммад Аварагасул (свалаллагьу гӀалайгьи васалам) асаразде дандчӀваялде хӀадурлъулаго, тӀоритӀарал чӀахӀиял субботниказул.*

*Нилъее киназего къваригӀараб буго сверухъ бугеб тӀабигӀат цӀуниялда, сверухъ мухъалъ рацӀцӀалъиялда тӀад гьоркьобкъотӀи гьечӀеб хӀалтӀи гьабизе»,- ян.*

Данделъиялда кӀалъарав ХӀажи Адимирзаевас (ЖамгӀияб палатаялъул председатель) росабалъ ругел рищни-къул балел бакӀазда сверун чали-рухьен гьабизе ккеялъул, гьенибе гӀи-боцӀуе нух къан гьечӀолъиялъул, гьенибе бараб рищни къулалъул цо бутӀа(целофаналъул пакетал, турпи ва гь.ц.) гьороца рахъ-рахъалде щущазарулел рукӀиналъул хӀакъалъулъ бицана.

Гьединго гьес канализациял хӀалтӀизариялъулъ ругел гӀунгутӀабазда тӀадчӀей гьабуна. Лъиего балъголъи гуро, нилъер гӀадамаз гамачӀ, лъарал чабах, багӀараб ракь рукъалъул хӀажалъабазе хӀалтӀизарулеллъи. Амма жеги гьелъие чӀезарурал карьерал гьечӀо. ТӀабигӀат цӀуниялъул киналниги тӀалабал хвезарун, баччулеб буго лъарахъа чабах.

ГӀадамазул цӀакъ рахӀат хвезабун буго гӀадлу гьечӀеб, биччан тараб боцӀуцаги.

Хадусан кӀалъарав Ибрагьим ХӀусейновас («Казбек рохьихъанлъи» гӀуцӀиялъул директор) соназдаса сонаде росабалъ гьабизе ккараб хӀалтӀи лъикӀлъизабизе рехон тарал харибакӀалгун гӀи-боцӀи кваназабулел бакӀал цӀикӀкӀунел рукӀиналъул бицана. Жакъа къоялде гьединал бакӀал гӀамго 1000 гаялде бахунеб буго.

Рохьил законодательствоялда рекьон, заз-хъарахъалде сверизе ракьал таралдаса 10 соназдаса цӀикӀкӀараб заман анани, гьел рохьазда гъоркь ругел ракьазде рехула.

Жакъа къоялде республикаялъул хӀукуматалъул тӀадкъаялдалъун гьабулеб буго гьединал ракьазул цӀех-рех.

Гьедин букӀиналъ, росабазул администрациябазул бутӀрузе, магӀишатиял гӀуцӀабазе къваригӀараб буго гьел ракьал, заз-хъарахъалдаса рацӀцӀун, пайда кьолеб хӀалалъ хӀалтӀизаризе. Гурого, рес буго гьел ракьал рохьазде сверизаризе ва гьениб тӀокалъ гӀи-боцӀи кваназабизе гьукъула.

Гьенивго кӀалъарав Хункарби МухӀамадхӀабибовас (УСХялъул начальникасул заместитель), Икрамудин Салимхановас («Чапар» газеталъул бетӀерав редактор) бицана жиб-жиб соналъ «Росабазул территорияби комплексияб къагӀидаялъ церетӀезари» Федералияб программаялда рекъон, росабалъ гӀадамазе гӀумру ва хӀухьбахъи гьабизе санагӀатал шартӀал чӀезарулел руго.

КъваригӀараб буго хадусанги гьеб ва цогидал программабазда гӀатӀидго хӀалтӀун районалъул росабазул гьумер лъикӀлъизабиялда тӀад хӀалтӀизе. Экологиялъул ахӀвал-хӀал лъикӀлъизаби бараб буго районалда гӀумру гьабун бугев жив-жив инсанасда. БукӀинесеб гӀелалъе гьеб цӀуниги нилъер аслияб масъалалъун ккола.

Районалъул бетӀер ХӀажимурад Мусаевасул тӀадкъаялда рекъон, къвана-гьекъолел жалазул рахъалдасан хӀинкъигьечӀолъи букӀинабиялъе ва районалъул гӀадамал бакӀалда гӀезабураб картошкаялдалъун ва пастӀадул нигӀматаздалъун хьезариялъун мурадалда, 2021 соналъ хасаб программа къабул гьабуна.

ЛъикӀаб букӀинаан районалъул администрациялъ росабазда гьоркьоб *«Бищунго бацӀцӀадаб росу», «Бищунго къачӀараб росу»* гӀадал къецал гӀуцӀани.

Данделъиялда ОМВДялъул участковиял инспекторазе росабазул бутӀрузе кумек гьабизе ракьул законал хвезарулел, жидеего бокьун, гӀаммаб пайда босулел бакӀал кколел, лъаразул рагӀалда объектал рарал гӀадамал тамихӀалде цӀазе лъикӀаблъун бихьизабуна.

Гьеб тадбир ахиралде щвана халгьабиялде росун рукӀарал суалазда тӀасан данде кколел хӀукмаби къабул гьариялдалъун.

***Ибрагьим Идрисов***

# БахӀарчиял васазул эбел

Лъиениги балъголъи гуро, СВО (хасаб рагъулаб операция) байбихьаралдаса, гьенир нилъер районалдаса цӀикӀкӀараб къадар гӀолохъабазул гӀахьаллъулеб буго. Нилъер васазе гьенир щолел руго шапакъатал, гьезул улбузухъе баркалаялъул кагътал рачӀунел руго, ва кибго гьезул бахӀарчилъиялъул бицунеби рагӀула.



Салатавиялъул ракь бахӀарчияб халкъалъул ВатӀанлъун кидаго букӀанилан абизе бегьула. КӀудияб ВатӀанияб рагъдаги нилъер районцояз гьарурал гьунаразул биценал жакъаги къотӀун гьечӀо. ВатӀаналде тӀаде ккараб къо борхизе, хъизан-тухумазул тӀолалго бихьинал арал хӀужаби руго. 4-5 вацасул рагъул корониса цонигияв нахъвуссинчӀелги хъизаби руго.

Хасаб рагъулаб операциялъулъги вацал цадахъ гӀахьаллъулел чанги хъизаби руго. Гьединазул цояблъун Алмахъ росулъа КъурмангӀали ва Сакинат СагӀидовазул хъизан ккола.

Гьезул кӀиго вас СагӀид ва ГӀиса СВОялда гӀахьаллъулел руго. КӀиясго къогогӀан соналъ рагъулал хъулухъал тӀурана. Гьел Чачаналъ ва Осетиялда ккарал тунка-хӀусиязулъги гӀахьаллъана.

СагӀид ва ГӀиса гьитӀинаб мехалдасаго рукӀанилан бицунеб буго ракӀ къвакӀараллъун, лъиего кумекалъе рахъунеллъун. Гьедин, Алмахъ росдал культураялъул рукъалъе нухмалъулей Лайла Имамирзаевалъги гьеб хъизаналъул хӀакъалъулъ гьадин бицана: *«СВОялда гӀахьаллъулел васазул улбухъе ниж росдал администрациялъул хӀалтӀухъабигун цадахъ гьезул ургъел бикьизе, хӀажаталъул бицине гӀемер щола. Хас гьабун СагӀидовазул хъизан босанани, гьел ккола росдалго тарихалда лъикӀаб лъалкӀ тарал гӀадамал, ва гьезул гьединал васал рукӀиналда лъилниги щакльи букӀинчӀо»,-ян.*

КигӀанги эбел сабруялда, къвакӀун чӀаниги, ургьиб гьинал ракӀалъе хӀалхьи букӀунищ? Эбел Сакинатица гьел кидаго жиндир дугӀадулъ ругилан абула.

Гьелъ бицунеб буго, СагӀид, ругъунги щун, рокъове вачӀун вукӀанила. Амма гьеб сахлъизегӀан чӀечӀого, тӀадвуссунги анилан. Гьениб бихьизабураб бахӀарчилъиялъухъ гьесие «Бихьинчилъиялъухъ» абураб орденги щун буго.

Вацазул хӀинкъигьечӀолъиялъ ва къо борхизе ккаралъур кидаго ратиялъ эбел-инсуца гьезие кьураб тарбия битӀараб букӀиналъе нугӀлъи гьабула. *«Киналго улбузул гӀадин, дирги буго цо анищ, хехго гьеб рагъги лъугӀун, нилъер васал тӀадруссун ва тӀокӀаб киданиги улбузда лъималазул рухӀи бихьунгутӀи»,-ян* абулеб буго Сакинатица.

СагӀидовазул гьудул-гьалмагълъиялъ ва мадугьаллъиялъ ракӀчӀун абулеб буго, гьезул мисалияб, ккаралъур ратулел, бачӀараб къо борхулел ва хӀинкъи-къай гьечӀеб хъизан бугилан.

*«Нижеца васазда кидаго малъулеб букӀана хиянат рикӀкӀад гьабизе, ВатӀаналъе ва халкъалъе ритӀухъал рукӀине ва сверухъ ругезе пайдаялъе ратизе хӀадур рукӀине. Дида ккола жакъа къоялда гьел гьединаллъунги руго»,-ян* лъугӀизабула Сакинатица хабар.

Гьей сабурай, гӀумруялъ кӀвекӀарай, бахӀарчиял васазул эбелалъе гьарула лъималаздаса йохи.

# Физкультурникасул къоялда хурхун

Дагъал церегӀан къояз «Салавюрт» микрорайоналъул споргалъул площадкаялда тӀобитӀана «Сахаватаб черхалда-къуватаб рухӀ» абураб, физкультурникасул къоялда хурхун, гӀуцӀараб тадбир.



Гьеб гӀуцӀун букӀана «Казбек районалъул гӀолилал» ДРООялъ, Муса ГӀазаевасул спортивияб школаялъул хӀалтӀухъабаз, «Салатавия» спортивияб клубалъ ва росдал гӀолилаз.

Гьенир гӀахьаллъана споргалъул батӀи-батӀиял рахъазул дунялалъул, Европаялъул ва Россиялъул чемпионал Рамазан Эмеев, ТӀагьир Уланбеков, МухӀаммадхӀабиб Зайнудинов, АхӀмад АтавхӀажиев ва Гьарип Темирбулатов. Цудунаб рогьалил ригьалъухъ балагьичӀого, зарядкаялда чемпионалгун цо мухъилъ чӀезе бокьарал гӀемерал гӀолилал ракӀарана авлахъалде.

Хасго нилъер районалдаса споргалъул мухъилъ бергьенлъаби росарал спортсменал руго гӀун бачӀунеб гӀелалъе мисалияллъун, ва гьезда релълъараллъун рахьине анищ лъураллъун. Гьединго батила, гьелгун дандчӀвайдал, гӀолилал, киналниги ишалги тун, шавкъалда гьенир гӀахьаллъулелги, гьелъ бихьизабула гӀолилазда гьоркьоб нилъер районалда спорт цебетӀеялъул даражаги.

КӀалъазе рахъарал гьалбаз, физкультураялъул ва жибго споргалъул инсанасе бугеб пайдаялъул бицана, ва тӀадчӀей гьабуна, споргалъул нух ккурав инсанасул сахлъиги щулалъиялъул мисалазда.

Хадуб гьез, гӀолилазул гӀемерал суалазе жавабал кьуна, цинги байбихьана радалисеб цадахъаб зарядка гьабизе. Гьединго чемпионаз гьенир тӀоритӀана мастер-классал ва цогидалги гӀолилазе пайда цӀикӀкӀарал къецал.

Данделъи ахиралде щвана «Салавюрт» споргалъулаб площадкаялъе Рамазан Эмеевас спортивиял алатал сайгъат гьариялдалъун.

***МахӀмуд ДавудхӀажиев***

*ГIабдурахIман Данияловасе-115 сон*

# Халкъалъе кьураб гIумру

ГIабдурахIман Данияловасул цIар, Дагъистаналда гуребги, киса-кибего, хасго Северияб Кавказалъул республикабазул халкъалда гьоркьоб,тIибитIун букIанин абуни, мекъи ккеларо. Кавказалъул республикабазе нухмалъулез гьев жидерго цевехъанлъун рикIкIунаан, кинаб захIматаб суал жидеда дандчIваниги, гьез ГI. Данияловгун гIакълуги дандбалаан.

ПатIидаб букIана гьесул гьудулзабазул горги. Гьел Россиялъулгун СССРалъул нухмалъулезда, цIар рагIарал гIалимзабазда, литератураялъул, искусствоялъул гIадамазда гьоркьорги рукIана.

ГIабдурахIман Даниялович Даниялов гьавуна 1908 соналъул 22 августалда Гъуниб районалъул Ругъжаб росулъ. Рекьарухъабазул хъизаналда гьавурав гьев гьитIинго бесдаллъана. Лъимерлъиялдасаго гIумрудул кьогIлъи бихьарав ГIабдурахIманица тIолабго гIумруялъ цадахъ росана гIадатал гIадамазде, жиндие лъайгун тарбия кьураб улкаялде рокьи.

Политик хIисабалда, ГI. Данияловасул лъугьиналъе кьучI лъураллъун Буйнахъскиялъул магIарулазул интернатги, педучилищеги, Москваялъул лъел магIишаталъул институтги лъугьанин абизе бегьула. Гьел соназ гьесулъ загьирлъана лъай босизе бугеб гIищкъу, бажари букIин ва захIматалдехун ишалъулаб бербалагьи. Гьединго, гьениб тIатана гьесул гIуцIарухъанлъиялъе бугеб махщелги.

1935 соналъ институт лъугIарав гьесда аспирантураялда цIализе ин лъикIаблъун бихьизабуна, амма дол соназ Дагъистаналъе нухмалъулез гьев республикаялде тIалаб гьавуна. ГIабдурахIман Дагъистаналъул гIумрудулъе лъугьана, ва гьеб гIуцIиялъулъ гьес жигараб гIахьаллъи гьабуна.

ГI. Данияловасул гIуцIарухъанлъиялъе бугеб махщелги хIалтIиялдехун гьесул бербалагьиги бихьун, 1937 соналда гьев ракьул халкъияв комиссарлъун тана.

1930 соназул кIиабилеб бащалъи кинаб букIарабали нилъеда тарихалдаса лъала. Репрессиялъул квачIикье ккана ракIбацIцIадал, бажари бугел гIезегIанал гIадамал. Гьезул мухъилъе живго ккечIониги, ГIабдурахIманил цIакъ рахIат хвезабуна гьел лъугьа-бахъиназ. Гьес хIаракат бахъана, жинда бажарараб къагIидаялда, гьединазе кумек гьабизе.



Гьел соназ тIубанго загьирлъана ГIабдурахIманил гIуцIарухъанлъиялъе, тIадкъаял тIураялъе бугеб бажари, махщел, захIматалдаса нахъекъангутIи, тIалабчилъи букIин ва цогидалги нухмалъулесулъ рукIине тIадал хасияталъ.

1940 соналъ гьев Дагъистаналъул Совнаркомалъул председательлъун тIамуна.

1941 соналъ нилъер улкаялъул ракълилаб гIумру гьоркьоб кьотIизабуна фашистазулаб Германия тIаде кIанцIиялъ. Гьеб заманалда ГIабдурахIманил кIигъуждузда тIад бегана рагъулаб рахъалде экономика сверизабиялъул, мобилизациялъул, оборонаялъе бакIал раялъул, халкъияб ополчение гIуцIиялъул ва цогидалги рахъал.

Гьесул жигаралдалъун, Дагъистаналъ фронталъе кьуна аза-азар тонна росдал магIишаталъул продукциялъул ва цогидаб хIажатабщиналъул. Гьелъухъ республикаялъе цо чанго нухалда кьуна гьоркьоб хьвадулеб БагIараб байрахъ.

ГIабдурахIмание рагъул сонал рукIана гьесул бажаригун махщалие кьимат кьолеллъун ва гьел соназ гьес киназдаго бихьизабуна жинда гьабураб божильи гIададисеблъун букIинчIебльи.

Дол соназ дагъистаниязги бихьизабуна ВатIаналъе ритIухълъи. Кин букIун батаниги, 1944 соналъ, Северияб Кавказалъул цо-цо миллаталго гIадин, Дагъистаналъул миллаталги рихьизарун рукIана СССРалъул бакI-бакIазде гочинаризе, амма ГIабдурахIманил хIаракаталдалъун, гьелдаса рорчIизе кIвана.

Рагъда хадусел соназги гьес гIемераб хIалтIи гьабуна чIунтараб магIишат рукIалиде бачиналъе. Гьев кабинеталъул чилъун киданиги вукIинчIо, ва гьес хIетIе лъечIеб бакI нилъер республикаялда букIинчIо. Гьесда лъалаан киналниги районазе нухмалъулелги гьезул хIалтIиги. Бажаригун махщел бугел кадраби гIезариялъулъги ГI. Данияловас кIудияб бутIа лъуна. Заманалъул бутIабазе, гьенир рукIунел лъугьа-бахъиназе битIараб кьимат кьезе бажарулев гьев вакIа- вахариялъул, хIалтIи гьабиялъул мисаллъунги кколаан. Гьеб цIакъ лъикI лъалаан гьесул нухмалъиялде ккаразда.

1948 соналъ ГI. Даниялов КПССалъул Дагъистаналъул обкомалъул тIоцевесев секретарьлъун вищана. Кього соналъ гьеб хъулухъ нухда бачиналъулъ Дагъистаналъул халкъалда бихьана гьесул гьабулеб ишалдехун, гIадамаздехун бугеб унго-унгояб тIалабчилъи, ракIбацIцIалъи ва магIарул гIаданлъи. Гьес нухмалъи гьабулел соназ республикаялъул социалиябгун экономикияб рахъал цебетIезабиялъулъ, гIезегIанал хиса-басиялги ккана.

Гьел киналниги рахъал рагьизе лъугьинчIого, абизе бегьула ГIабдурахIманица тIолабго лъай, гIакълу, бажаригун махщел Дагъистан цебетIеялъе кьунин, къокъгьабун абуни, гьес тIолабго гIумру кьуна халкъалъе хъулухъ гьабиялъе.

ГIадатал гIадамазда гьоркьов гIурав, гьезул «унтаби» ричIчIунев ГIабдурахIмание киданиги хIажат букIинчIо кIудияб хъулухъ ва власть. КIудияб хъулухъ халатаб заманалъ бачиналъе гьев мустахIикълъана инсанасулъ рукIине тIадал лъикIалщинал рахъал гьесул чорхолъ рессун рукIиналъ.

ВатIаналъ, гьесул бажариялда рекъон, ГI. Даниялов кIодо гьавуна щуго Ленинил, захIматалъул «*БагIараб Байрахъ*», тIоцебесеб даражаялъул «*ВатIанияб рагъ*» орденаздалъунги 11 медалалдалъунги.

Гьесул хIакъалъулъ гьадинаб биценги буго.

1967 соналъ Л. Брежневас ГI. Данияловасе жиндихъего ахIун вуго ва гьесда: «*Дур халкъалъ партиялъул ЦКялъе ургъелал ккезаруларо. Гьеб лъикI хIалтIулеби гьудуллъиялдаги буго. Дуе 60 сон тIубаялъул юбилей нижеца, цIакъ гIатIидго, нухда тIобитIизе мун кIодо гьавизеги вуго (къотIи букIун буго ГIабдурахIмание «Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчи» абураб цIар кьезе). ЦКялъул хIукму буго Дагъистаналда ядерниял хутIелал рукъизе, гьеб кампаниялъе дуца цевехъанлъи гьабизе кколан*»,-ян абун буго.

ГIабдурахIманица жаваб гьабуна: «*Дида дагъистаниял ядерниял хутIелазулъ рукъизе ракIалда гьечIо*»,-ян.

Л. Брежневас абуна: «*ТIоцевесев сек ретарь хIисабалда, ниж мунгун хIалтIизе гьечIо*», -ян. Арал соназ гьабураб хъулухъалъе кьимат кьеялъухъ, баркалаги загьир гьабун, ГI. Даниялов гьениса нахъе ана.

1967 соналъул ноябралда гьев хъулухъалдаса эркен гьавуна, амма Верховнияб Советалъул Президиумалъул Председателасул хъулухъ гьесухъ тола.

1972 соналъ гьев гьеб хъулухъалдаса нахъе ана. ХIалхьиялде аниги, ГIабдурахIман кверал тIатIала лъун чIечIо. Гьев цин бакъбаккул рахъалъул улкабазул тарих лъазабиялъул кандидатлъун цинги докторлъун вахъана.

ХIухьбахъи къанагIатаб, ургъелал цIикIкIараб заманалъ жиндирабго бокьараб рукьове сичIого течIо. Гьев цIакъ унтана ва 1981 соналъул апрелалда абадияб рукьове ана.

Гьес тIолабго гIумру халкъалъе лъикIлъи гьабиялъе кьун букIиналъе нугIлъи гьабула, кинал рукIаниги, Дагъистаналъул политиказул бицунеб заманалда, гьев гIадамаз гIемер рехсолев вукIиналъги, «*Гьединавлъун вукIине ккола политик*»-ан гьанжеги абулеб букIиналъги.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

---

*Гуниялдаса УстIарханил (Удал) ИсмагIил*

# Инсан. ГIалимчи. ГIакълучи.



Щибаб жамагIаталдаго гIадин, Гуниязул росулъги кидаго рукIана сабру тIокIал, гIакълу камилал, бицунеб рагIудаги гьабулеб ишалдаги магIна бугел вакилзаби. Насраниязул ГIиса Аварагас (гI.с.) гьединазде абун буго «Соль земли» ай «Ракьалъул цIам»-абун. Узухъда, гьединал гIемер рукIунаро, амма гьез берцин гьабула росу-жамагIатги вижараб ракьги.

ГIададамасул кьимат лъазе ккани, гьесул хIакъикъияб къадру бичIчIине бокьани, замана ине ккола, гьес гьурурал ишазда тIад хIур чIвазе ккола. Заманалъул цIалкIуялъ гIадин, дурус гьабун битIарабги мекъабги, хIакъабги тIекъабги сунца бугониги цIалкIуларо.

Удал ИсмагIил (Иси) гьавуна 1915 соналъ Гуниялдаса УстIарханил ва Бавтугъаялдаса Муслиматил хъизаналда. ИсмагIил гьитIинго кьуна лъикIал гIалимзабахъе гIараб гIелму цIализе. Гьединги гIамал берцинав, сабру бугев гьесие гIараб гIелмуялдасан щолеб пайда дагьабги цIикIкIана. Исламияб диналъ ва гIарабазул философиялъ цIикIкIараб асар гьабуна Исил рекIее, ва тартибалде ккезе гьабуна гьесул тIолабго гIумру, къисмат. Бищунго гьесул рекIелъе бортараб пикру букIана «*гIелмуялъул бетIер-гIакълу, гIакълуялъул бетIер-сабру*» абураб. Жиндир гIумруялда ИсмагIил лъида вугониги вихьичIо ворхун кIалъалев, ялъуни сунда бугониги цIцин бахъун. ХIалуцун вугесдаги гьев кидаго, гьимун гурони, кIалъачIо-гьединаб букIана ИсмагIилил гIумруялъул философия.

Жиндир кьерилалго гIадин, ИсмагIил ана КIудияб ВатIанияб рагъде, амма лъагIел свериналде, гъажалда лъураб ругъуналъул хIасилалда, рагъулаб комиссиялъ тархъан гьавун, рокъове тIадвуссана. Гьеб заманалда Индиралда букIана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул техникумалъул 6 моцIил курсал, ва, гьелги лъугIизарун, ИсмагIил вачIана Гуни росдал школалде физкультураялъул учительлъун хIалтIизе. Хадув гьев вачIана росдал советалде секретарасул хъулухъалде, ва, заман иналдего, колхозалъул председательлъун вищана. Гьенир загьирлъана ИсмагIилил гIамалалъул бищунго лъикIал хаслъаби.

Росуцояз бицуна колхозалъе нухмалъи гьабулеб заман букIанин Исил цогидазда батIияб. ИсмагIилида хIалтIухъанасулъ инсан вихьана, гьесул ургъелалгун, захIмалъи-къварилъигун, гIолеб-гIоларебгун. ХIалтIухъан, нарядги кьун, хъутаналде витIиялда цеве ИсмагIилица циндаго лъазабулаан гьесул рокъоб бугеб ахIвал-хIал, гIураб къадаралда ханжу-цIан, хер, цIул бугищали. Нагагь батичIони, гьеб чIезабизе хIаракат бахъулаан, цинги гурони дов хъутаналде витIулароан. ХIалтIухъанасдехун гьединаб бербалагьи рагъда хадусел соназ цIияб жолъун букIана, гьединлъидал Исил къадруги борхана, колхозалъул магIишат-хъваги цебетIуна.

Гьединго ИсмагIилил заманалда захIматкъоязухъ гIи, тIощел, хIан ва цогидал продуктал кьезе байбихьана. Гьеб заман ракIалда бугев АхIматIов Шираздиница бицуна, жидее цо соналъ захIматкъоязухъ 16 лемаг кьунин колхозалъ абун.

Председатель хIисабалда, Исил гIамалалъул бищунго беццараб рахъ букIана хIалтIухъабаздехун бугеб хIерхенаб, недегьаб бербалагьи. Гьеб букIана ИсмагIилие исламалъул гIелмуялдасан щвараб. Гьесулъ пахрулъи, чIухIи бихьичIо, гьелъ батизе буго росуцоялги гьесда божарал. Кинаб хъулухъалда вугониги, ИсмагIилица как-дин течIо, кидаго цIалулаан гIарабазул тIахьал. Гьеб букIана гьесие кидаго сабруялъул, гIакълуялъул иццул бетIер ва гьениса щолаан гьесие рухIалъе къуватги рекIее сабруги.

Цоги Исие хасиятаб букIана сундулго ракIбацIцIалъи, яхI-намусалъул тIокIлъи. Жив сабаблъун инсанасе кинаб бугониги мукъсанлъи ккей Исил напсалъ кидаго къабул гьабичIо. АхIматIов Шираздиница бицуна, гIадабилеб нухалъ ХIежалде индал, Исил сахлъи лъикIго загIиплъун букIанин. Сахлъиялъул ахIвал-хIал цIехедал, кигIан захIмат жиндие бугониги, гьес кидаго жаваб кьолаанила «*жакъа гIадин лъикI кидаго вукIинчIо*»-абун.

ИсмагIилица лъазабураб философиялъул хIасил букIана гIумруялъго гьабулеб садакъаги киридахъ жамагIаталъе гьарулел батIи-батIиял тадбиралги.

1970 абилел соназул байбихьуда ИсмагIилица «РогIрахъ» абулеб бакIалда, гамущги бичун, росдал боцIуе ва гIадамазе лъим чIезабиялъе 200 гъурущалде маххул раса лъуна.

Росдал администрациялда цебе бараб кIудияб кьоги, МагIазов ЯхIиягун рекъон бараб «ХIасаханил кьоги» Исил баракат ккола.

Росуцояз гьабсагIаталдаги бицуна, Удал ИсмагIилги Пумаров АхIматIги гьорлъа камун, росулъ киридахъ гьабулеб кинабниги хIалтIи букIинчIилан.

90-абилел соназул байбихьуда мажгитал цIигьарун рагьулеб заман букIана. ЖамагIаталъе хIажат вукIана сабураб г1амалалъул камилаб гIакълуялъул, росдацаго кьимат гьабулев дибир. Гьеб заманаялъ Иси вукIана бищунго сабурав, росулъго кьимат тIокIав, гIараб гIелму цебе тIурав гIалимчи, амма гьев яшав гьабун вукIана Хасавюрталда. ЖамагIаталъ гьесда дибирлъи гьабеян цIакъ гьарана. ЗаманаялъулгIузрабаз толев гьечIониги, Исица жамагIаталъул гьари тIубана. Щибаб рузман къоялъ ИсмагIил-ХIажи росулъе вачине ва Хасавюртальде нахъего щвезавизе машинаби ругел росуцоязул иргаги чIезабуна. Гьединаб кьимат-къадруялъе гIагараб нусго соналъ цониги росуцояв мустахIикълъун вукIинчIо.

АллагIасул къадаралде гьев щвана 1996 соналъ, вукъуни вуго Гуниязул хабалазда жиндир нухмалъиялда ва Шашуев ХIажил жигаралда бараб зикру балеб рукIалда цеве.

***ХIайбула МухIамадсалихIов,***
***тарих лъазабиялъул доктор***

# Прокуратура требует

***Прокуратура Казбековского района в судебном порядке требует возврата незаконно переданных земельных участков в собственность муниципалитета***

По результатам проведенной прокуратурой проверки исполнения земельного законодательства, с привлечением специалистов Управления Федеральной службе государственной регистрации, кадастра и картографии, установлены случаи предоставления земельных участков бесплатно в собственность лицам, у которых на момент предоставления, в пожизненно наследуемом владении имелись земельные участки.

По результатам проверки прокуратурой района в Казбековский районный суд направлены 2 исковых заявления о;

- признании незаконными Постановлений администрации сельского поселения «село Ленинаул» Казбековского района о предоставлении земельных участков;

- исключении из единого государственного реестра недвижимости сведений о правах граждан на указанные земельные участки.

*Помощник прокурора района юрист 1 класса*
*Ш.М. Магомедов*

# Почта Банк информирует дагестанцев о наличии банковских отделений, устройств и перечня доступных банковских продуктов на территории РД




Почта Банк, как банк с наиболее широкой сетью отделений, представленных, в том числе в малочисленных и удаленных населенных пунктах, сельской местности, играет ключевую роль в решении задач по повышению доступности финансовых услуг населению России.

Так, в Республике Дагестан сеть Банка насчитывает 197 отделений, из которых 3-собственные клиентские центры, 13-точки обслуживания в отделениях почтовой связи с работником банка, 181-точки в отделениях Почтовой связи. Кроме того, в отделениях почтовой связи работают работники Почты России-агенты банка, с чьей помощью жители могут получить базовые финансовые услуги: прием документов для открытия сберегательного счета, вклада, кредита наличными, перевод пенсии, оформление платежных карт.

Сеть банкоматов и POS-терминалов насчитывает 494 устройства, с помощью которых у клиентов имеется возможность снятия/внесения наличных денежных средств, оплаты безналичных платежей, в том числе ЖКХ.

# В период высоких температур «Газпром межрегионгаз Махачкала» рекомендует воспользоваться дистанционными сервисами для оплаты за газ




В связи с крайне жаркой погодой, установившейся в Дагестане, поставщик газа рекомендует воспользоваться возможностями дистанционной оплаты за газ.

Согласно правилам поставки газа, абонент обязан произвести оплату до 10 числа каждого месяца. При этом абоненты «Газпром межрегионгаз Махачкала» могут воспользоваться онлайн-сервисами и оплачивать счета за газ, не выходя из дома и не нарушая платежную дисциплину.

С помощью дистанционных сервисов – «Личный кабинет абонента» на сайте mkala-mrg.ru и мобильных приложений «Мой Газ» и «Газ Онлайн» – потребители газа могут в режиме онлайн получить информацию по взаиморасчетам, передать показания индивидуального прибора учёта газа (при наличии), а также произвести оплату за газ без комиссии и без переплат.

Поставщик газа расширяет возможности сервиса и качественного обслуживания абонентов, и в этих целях организована работа «Контакт-центра». Позвонив по бесплатному номеру **8-800-200-98-04,** абонент может получить консультацию операторов по регистрации в «Личном кабинете абонента».

# С 9 августа на территории Казбековского района вводится особый противопожарный режим

***Уважаемые жители Казбековского района!***

Соответствующее постановление подписал и.о. главы района Ильяс Шабазов. Особый противопожарный режим вводится в целях предупреждения пожаров их распространения на значительной площади, снижения угрозы травмирования и гибели людей, а также минимизации последствий пожаров в период жаркой, сухой и ветреной погоды.

На период действия особого противопожарного режима запрещено сжигание мусора, отходов, разведение костров на всей территории района.

Согласно постановлению, руководителям предприятий и организаций всех форм собственности, осуществляющих свою деятельность на территории Казбековского района, рекомендовано разработать и реализовать комплекс мероприятий по выполнению норм и требований в области пожарной безопасности с привлечением сил и средств постоянной готовности в составе: ПЧ-42, ОМВД России по Казбековскому району, ГБУ РД «Казбековская ЦРБ», ЭГС Казбековский, Дылымский СУ, ГКУ РД «Казбековское лесничество», ОАО Казбековское ДЭП №15.

Даны также рекомендации руководителям сил и средств постоянной готовности принять дополнительные меры к обеспечению бесперебойного функционирования систем жизнеобеспечения и объектов социальной сферы на территории района, быть в готовности для ликвидации последствий чрезвычайных ситуаций.

Руководителю Единой дежурно-диспетчерской службе Казбековского района совместно с руководителем ПЧ-42 поручено проводить ежедневный анализ складывающейся пожарной обстановки, обеспечить своевременное реагирование на возникновение пожаров, координацию действий по их недопущению и ликвидации на территории Казбековского района.

Главам сельских поселений рекомендовано организовать разъяснительную работу с населением по вопросам противопожарной профилактики в особый противопожарный период, готовности к действиям при возникновении чрезвычайных ситуаций, разработать соответствующие нормативные правовые акты и обеспечить их неукоснительное выполнение на подведомственной территории, категорически запретить сжигание мусора, сухой травы, стерни, соломы и пожнивных остатков, разведение костров на землях лесного фонда, сельскохозяйственного назначения, населенных пунктов, частного сектора, обеспечить подъезды к пожарным водоемам пожарной техники для забора воды, а также обеспечить своевременное информирование населения о складывающейся пожарной обстановке.

Отделу надзорной деятельности и профилактической работы №10 по г. Хасавюрт, Хасавюртовскому, Новолакскому и Казбековскому районам ГУ МЧС России по Республике Дагестан рекомендуется усилить государственный пожарный надзор за соблюдением требований пожарной безопасности.

Отделу МВД России по Казбековскому району рекомендовано организовать патрулирование на лесных дорогах с целью ограничения доступа граждан в леса, предупреждения возникновения пожаров и принятия мер к нарушителям, ограничить допуск граждан на территории проведения мероприятий по ликвидации ЧС в случае её возникновения.

Кроме того, Казбековскому лесничеству рекомендовано: своевременно информировать администрацию района о возникновении и распространении лесных и ландшафтных пожаров, принять в установленном порядке нормативный правовой акт об ограничении въезда в них транспортных средств, проведении в лесах определенных видов работ, в лесах усилить контроль за соблюдением требований пожарной безопасности в лесах юридическими лицами, индивидуальными предпринимателями и гражданами, усилить противопожарную пропаганду и агитацию в СМИ по вопросам охраны лесов от пожаров, привести в готовность личный состав и технику в соответствии с Планом тушения лесных пожаров на территории ГКУ РД «Казбековское лесничество» на период действия особого противопожарного режима 2023 года, принять меры по обеспечению дополнительного патрулирования прилегающих к населенным пунктам участков леса, при необходимости обеспечить круглосуточное оперативное дежурство.

# Объявление

Утерянный аттестат №110468 о среднем образовании, выданный Ленинаульской средней школой №1 в 1992 году на имя **Улубиевой Джамилат Шамсудиновны,** считать недействительным.

ОМВДялъул хIалтIухъабаз ва ветераназул къокъаялъ гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго тIолабго гIагарлъиялда

**МухIамад Абузаров**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Алжаналъул агьлулъун гьавун ватаги гьев.

М.М. Пазаевасул спортшколалъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго ХIамзат Пазаевасда, тIолабго гIагарлъиялда вас

**Имам**

гIумруялдаса ватIалъиялда бан.

Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, нахъе хутIаразе сабру кьеги.

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**